

Chè paran,

Ou resevwa lèt sa a paske yo wè elèv ou a, \_\_\_\_\_, satisfè kritè pou kontinye edikasyon li oswa sèvis li an septanm lan. Kritè yo se:

- Elèv ou an sou bon wout pou pran yon diplòm lekòl segondè epi li pral ka ranpli tout egzijans si li gen opòtinite pou retounen lekòl la an otòn OSWA
- Elèv ou an gen oswa pral pran Sètifika ki montre konpetans pou travay ( Commencement Credentials) men li te rate enstriksyon oswa sèvis akòz epidemi an ak/oswa li pèdi abilite ke li te gen avan yo, epi li pa satisfè objektif IEP yo.

Si elèv ou an pa pral retounen lekòl la men w ta renmen jwenn èd pou garanti sèvis apre lekòl ki gen ladan sèvis nan lekòl vokasyon, edikasyon oswa sèvis adilt pandan lajounen, tanpri kontakte Sant pou Tranzisyon ak aksè nan kolèj ki nan borough an (TCAC) oswa Biwo Tranzisyon D 75 an jan enfòmasyon an pi ba a bay li a:

Borough	Imèl
Bronx TCAC	<a href="mailto:bxtcac@schools.nyc.gov">bxtcac@schools.nyc.gov</a>
Brooklyn TCAC	<a href="mailto:bklyntcac@schools.nyc.gov">bklyntcac@schools.nyc.gov</a>
Manhattan TCAC	<a href="mailto:mntcac@schools.nyc.gov">mntcac@schools.nyc.gov</a>
Queens TCAC	<a href="mailto:qnstcac@schools.nyc.gov">qnstcac@schools.nyc.gov</a>
Staten Island TCAC	<a href="mailto:sitcac@schools.nyc.gov">sitcac@schools.nyc.gov</a>
Biwo Distri 75 pou Sèvis Tranzisyon ak Inisyativ planifikasyon pou apre lekòl segondè	<a href="mailto:D75transition@schools.nyc.gov">D75transition@schools.nyc.gov</a>

Tanpri kontakte m nan \_\_\_\_\_ pi vit posib pou fè konnen si pitit ou a ap retounen lekòl, oswa si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite

[Non Direktè lekòl la]

Direktè